

KONBAT LA GRIP

Pran Vaksen



Kouvri tous ou a



Lave men w



Rete lakay ou si w malad



Grip la se do!

Nan Boston, grip (influenza) sezon anjeneral kouri soti nan oktòb rive mas. Yon viris ki koze grip ki enfekte nen, gòj, ak poumon yo, e yo ka pase de yon moun a yon lòt. Nenpòt ki moun ka vin malad ak grip, men maladi sa souvan vin pi mal nan timoun piti, granmoun aje, fanm ansent, ak moun ki gen lòt pwoblèm medikal. Èske ou pare pou sezon grip la? Pale ak founisè swen sante w yo pou fè fanmi ou pran vaksen!

Sezon Grip Boston 2018-2019 an Revizyon:



- 3,852 ka te rapòte (*konpare a 4,138 nan 2017-2018*)
- 588 ka te entène lopital (*konpare a 772 nan 2017-2018*)
- 9 ka lanmò (*konpare a 19 nan 2017-2018*)
- Nan pi wo nivo a, 2.82% de tout vizit nan sal dijans yo se te akòz maladi tankou grip (lafyèw ak tous oswa mal gòj)

Kenbe Boston Ansante pandan Sezon Grip sa a!

Pataje konsèy sa yo pou ede anpeche pwopagasyon grip la:



EPI pran yon VAKSEN POU GRIP

Vizite BPHC.ORG/FLU pou plis enfòmasyon sou grip.

- **Tout moun ki gen 6 mwa laj oswa ak plis dwe pran yon vaksen kont grip chak ane.** Lè plis moun pran vaksen kont grip la, mwens grip ka pwopaje atravè kominote a.
- **Kouvri nen w ak bouch ou** avèk yon mouchwa papye chak fwa ou touswe oswa estènye. Si w pa gen yon mouchwa papye, estènye oswa touswe anwo manch rad ou.
- **Lave men w** souvan avèk savon ak dlo oswa yon ajan netwayaj men ki gen alkòl.
- **Netwaye bagay** ki lakay ou regilyèman avèk yon pwodwi netwayaj pou kay.
- **Evite kontak sere** avèk moun ki malad lè sa posib.
- **Rete lakay ou lè w malad.** Yon moun ki gen grip ta dwe rete lakay li pou 24èdtan apre lafyèw la fin pase san yo pa itilize medikaman pou diminye lafyèw la. Pou pifò moun, li ka pran yon minimòm 4 jou. Evite kontak sere avèk moun ki malad lè sa posib.

Pou plis enfòmasyon, ale nan
www.bphc.org/flu



Boston Public Health Commission
Infectious Disease Bureau
1010 Massachusetts Avenue
Boston, MA 021178
(617) 534-5611 oswa
www.bphc.org/IDB